



Pou Piblikasyon Imedya: 17/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GLOBALFOUNDRIES PRAL ETABLI YON SANT ANBALAJ AK FOTONIK AVANSE NAN ETA NOUYÒK

Agrandi siyifikativman kapasite anbalaj avanse Nouyòk — yon etap kle nan pwosesis fabrikasyon semikondiktè a

Esansyèl pou pis yo itilize nan AI, otomobil, ayewospasyal ak defans

Li pral ede devlope kapasite nasyonal fabrikasyon pis, ranfòse sekirite nasyonal, ak estimile kwasans ekonomik lokal ak nan tout eta a san presedan nan rejyon Kapital Nouyòk la

Baze sou angajman Gouvènè Hochul pou etabli yon sant mondyal pou fabrikasyon semikondiktè nan Eta Nouyòk

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke GlobalFoundries (GF), yon fabrikan semi-kondiktè prensipal ki sitiye nan Konte Saratoga, pral envesti 575 milyon dola pou kreye yon nouvo sant pou anbalaj ak tès avanse, ak yon lòt 186 milyon dola pou R&D pandan 10 plis ane kap vini yo nan etablisman fabrikasyon Malta li yo. Sant Anbalaj ak Fotonik Avanse (Advanced Packaging and Photonics Center) Nouyòk la pral elaji kapasite anbalaj avanse GlobalFoundries yo — ki se yon pati enpòtan nan konsepsyon ak fabrikasyon pis yo. Yo prevwa efò sa yo pral kreye 102 nouvo djòb aplentan nan Rejyon Kapital la pandan senk ane k ap vini yo.

"GlobalFoundries se yon motè ekonomik pwouve ki montre egzakteman ki jan endistri sa a ka transfòme yon rejyon", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kwasans kontinyèl ak siksè yo se yon avantaj pou alafwa Rejyon Kapital la ak Eta a, epi yo atire rezidan yo ak biznis yo you. Ekspansyon GlobalFoundries nan anbalaj avanse pou fotonik ak lòt aplikasyon se yon bon nouvel pou Nouyòk epi mwen remèsye administrasyon Biden lan, Senatè Schumer ak delegasyon Kongrè a paske nou asire nou rete konpetitif nan ekonomi 21èm syèk la."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral GlobalFoundries Doktè Thomas Caulfield te deklare, "Nou fyè pou nou fè patenarya nan nivo eta ak federal sou nouvo sant sa a, ki se yon repons dirèk pou kliyan nou yo ki mande plis jewodivèsite nan chèn apwovizyonman yo ak sipò adisyonèl ak solisyon anbalaj avanse pou fotonik sou silikòn GF, òf Trusted ak 3D/ Hi yo. Sant Anbalaj ak Fotonik Avanse Nouyòk la pral inik

nan endistri nou an epi li pral jwe yon wòl ki enpòtan anpil nan kwasans kontinyèl ekosistèm fabrikasyon semikondiktè ak inovasyon klas mondyal Empire State la."

Etablisman Fab 8 konpayi an ki egziste deja nan Malta se yon lidè nasyonal nan fabrikasyon avanse, li pwodwi 400,000 plakèt chak ane. Jiska dat, konpayi an te envesti plis pase 15 milya dola nan rejyon Fab 8 epi kounye a anboche 2,500 anplwaye nan Rejyon Kapital la.

Sant Anbalaj ak Fotonik Avanse Nouyòk la apiye sou plan GlobalFoundries ki egziste deja pou elaji fabrikasyon yo nan Malta. Eta Nouyòk pral bay jiska 20 milyon dola nan sipò pou nouvo sant la, ki anplis 550 milyon dola yo te anonse deja pou sipòte GlobalFoundries nan pwogram Green CHIPS ki baze sou pèfòmans lan. Depatman Komès Ameriken an pral bay jiska 75 milyon dola nan finansman dirèk pou sipòte sant la, pou konplete pim Lwa CHIPS konpayi an ki te deja finalize.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Anba lidèchip ak envestisman Gouvènè Hochul, Eta Nouyòk ap ankouraje rezijan endistri semi-kondiktè Etazini an. Desizyon GlobalFoundries pou envesti, grandi ak kreye plis djòb nan Rejyon Kapital la reprezante siksè estrateji eta a, epi inovasyon sa a vrèman nan kè Nouyòk."

Lidè Minorite Sena a Charles Schumer, te deklare, "Gras ak Lwa sou CHIPS ak Syans mwen an, GlobalFoundries kounye a planifye pou konstwi yon sant anbalaj ak sant tès pis avanse isit la nan Rejyon Kapital la, sa ki pèmèt plis alimante Nò NY pou dirije reyaparasyon fabrikasyon semi-kondiktè nan peyi a. Mwen fyè pou m bay 75 milyon dola adisyonèl sa a, anplis 1.5 milya dola nan finansman CHIPS ke mwen te garanti ane pase a, pou ede Rejyon Kapital la ak pi gwo ekosistèm pis Nò NY la grandi pi gwo pase sa nou te janm panse anvan. Nouvo etablisman sa a nan Rejyon Kapital la pral asire ke semi-kondiktè yo ka fabrike, pake, epi teste an sekirite konplètman nan Etazini, yon bezwen vital pou endistri oto, defans ak teknoloji nou yo tankou AI. Sa vle di nouvo djòb ki byen peye isit la nan etablisman Malta GlobalFoundries, diminye depandans sou pis ki fèt nan peyi etranje, ak sekirite nasyonal ak ekonomik ki pi fò pou Etazi. Lè m te ekri Lwa sou CHIPS ak Syans bilateral la, mwen te asire ke gen finansman espesyalman pou kalite pis esansyèl ke GlobalFoundries pwodui nan Malta epi ki kontinye ap peye dividann pandan n ap wè nouvo kwasans sa a. Agrandisman GlobalFoundries nan Nouyòk vin posib tou gras ak patenarya Gouvènè Hochul, ke mwen remèsye pou sipò ak lidèchip solid li nan fè endistri sa a tounen sou rivaj nou yo. Jodi a nou franchi yon lòt etap pou pi devan pou fè kè endistri pis Etazini an isit la nan Rejyon Kapital la ak Nò Eta Nouyòk."

Izin GlobalFoundries nan Nouyòk la gen akreditasyon Trusted Foundry epi li fabrike pis ki an sekirite an patenarya ak gouvènman Ameriken an.

Jiska dat, pifò investisman nasyonal nan anbalaj avanse te fèt nan Arizona ak Texas. Aterisaj yon sant anbalaj avanse enpòtan nan Malta pral mennen yon seri nouvo opòtinite ki gen enpak pou Rejyon Kapital la, ak Nouyòk an jeneral, pou kontinye kwasans yon gwoup endistri semi-kondiktè konpetitif globalman.

Angajman Gouvènè Hochul pou devlope endistri semikondiktè Nouyòk la

Gouvènè Hochul te kenbe yon angajman solid pou konstwi yon ekonomi modèn nan Eta Nouyòk lè li devlope endistri semikondiktè dinamik ak inovan. An 2022, Gouvènè a te siyen lejislasyon istorik Green CHIPS pou fè Nouyòk tounen yon sant pou fabrikasyon semikondiktè, sa k ap kreye pandan l ap kreye djòb 21yèm syèk la ak lanse kwasans ekonomik pandan l ap kenbe pwoteksyon anviwònman enpòtan. Nan kad bidjè ane fiskal 2024 la, Gouvènè Hochul te asire yon investisman 45 milyon dola pou kreye Biwo Ekspansyon, Jesyon, ak Entegrasyon Semikondiktè Gouvènè a (Governor's Office of Semiconductor Expansion, Management, and Integration, GO-SEMI), ki mennen efò nan tout Eta a pou devlope sektè fabrikasyon pis la. An desanm 2023, Gouvènè Hochul te anonse yon patenarya piblik-prive 10 milya dola – ki gen ladan 9 milya dola nan investisman prive ki soti nan IBM, Micron, Applied Materials, Tokyo Electron ak lòt lidè semikondiktè yo – pou pote avni rechèch semikondiktè avanse nan rejyon kapital Nouyòk la nan kreye inik Sant Litografi Iltravyolèt ki Wo an NA aksesib nan endistri a, nan Konplèks NanoTech Albany an, ki dènyèman te bay 825 milyon dola nan finansman federal epi yo te deziyen li CHIPS for America EUV Accelerator dapre Lwa sou CHIPS ak Syans lan.

Nouyòk gen yon gwo endistri semikondiktè ki sipòte plis pase 156 konpayi semikondiktè ak chèn apwovizyonman ki anplwaye plis pase 34,000 Nouyòkè. Gras ak efò Gouvènè Hochul, endistri a ap kontinye elaji atravè gwo investisman ki soti nan biznis semikondiktè yo ak konpayi chèn apwovizyonman tankou Micron, GlobalFoundries, AMD, Edwards Vacuum, MenloMicro and TTM Technologies pou elaji prezans yo nan Nouyòk. An reyalite, nan de dènye ane yo, konpayi pis yo te anonse plis pase 112 milya dola nan investisman kapital planifye nan Nouyòk – plis pase nenpòt lòt Eta – epi youn sou kat pis ki te fèt nan Etazini yo pral pwodwi nan yon distans 563 km ak nò Eta Nouyòk. Pa gen lòt rejyon nan peyi a ki pral konte pou yon pi gwo pati nan pwodiksyon nasyonal la.

Semikondiktè yo enpòtan anpil pou fòs ekonomik nasyon an, sèvi kòm sèvo elektwonik modèn yo, ak pèmèt teknoloji enpòtan pou kwasans ekonomik Etazini, sekirite nasyonal, ak konpetisyon mondyal. Endistri a anplwaye dirèkteman plis pase 300,000 moun nan Etazini epi li sipòte plis pase 1.8 milyon lòt travay lokal. Semikondiktè yo se youn nan senk pi gwo pwodui ekspòtasyon Etazini, epi endistri a se premye kontribitè nan pwodiktivite travay, ki sipòte amelyorasyon nan efikasite nan prèske chak sektè ekonomik — soti nan agrikilti rive nan fabrikasyon.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)